

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa Sunda kaasup basa daérah di Indonesia anu jumlah panyaturna kadua panglobana sanggeus basa Jawa. Nepi ka kiwari, basa Sunda masih dipiara tur dimumulé ku masarakat panyaturna, boh di wewengkon Jawa Barat boh di luareun Jawa Barat.

Dina mangsa kiwari, hirup kumbuhna basa Sunda masih kénéh can optimal. Ieu hal katitén tina pedaran panalungtik saméméhna kalayan judul “Sikep Anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupatén Bandung kana Basa Sunda” (Anggraeni, S. 2016) anu nuduhkeun sikep mojang jajaka anu can optimal dina ngagunakeun basa Sunda.

Loba tarékah anu bisa dilakukeun dina ngariksa basa, sastra jeung budaya Sunda. Salah sahiji tarékah anu dilakonon ku pamaréntah nya éta dina nyusun perda, pergub, perbup/perwal ngeunaan ngamumulé basa, sastra, jeung budaya Sunda. Perda ngeunaan basa daérah di sababaraha wewengkon geus mimiti disosialisasikeun. Contona perda di Sumatera Utara ngeunaan miara basa daérah anu méré ajakan ngeunaan makéna basa daérah dina komunikasi di poé nu tangtu, sarta ngalarapkeun ajén-ajén kabasadaéran. Salian ti éta, perwal ngeunaan Rebo Nyunda ogé geus loba disosialisasikeun di Kota Bandung. Namung, perbup ngeunaan ngaguankeun basa Sunda di Kabupatén Bandung téh can aya, ngan saukur ajakan pikeun ngagunakeun basa Sunda di poé Juma’ah anu can dijieun perbupna.

Dina makéna basa, sering kapanggih mangsa pajabat biantara di hareupeun komunitas, atawa ngawangkong jeung masarakat, langka ngagunakeun basa Sunda. Alesanana lantaran sieun salah ngagunakeun basa Sunda, padahal dina prakna, ngagunakeun basa Indonesia ogé masih réa kénéh nu salah. Naha hal éta téh balukar tina kurangna kasadaran kana basa Sunda atawa sikep nu kurang hadé kana basa Sunda?

Pikeun mikaweruh kana kaayaan nu sabenerna ngeunaan makéna basa Sunda ka para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung, perlu diayakeun

panalungtikan ngeunaan sikep basa Sunda pajabat pamaréntah di Kabupatén Bandung.

Nilik kana éta hal, mangka panalungtikan ieu ditujukeun pikeun mikanyaho kumaha sikep basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupaten Bandung anu mangrupa pigur pikeun masarakat di Kabupatén Bandung, ditilik tina sikep positip jeung negatipna saurang pamaké basa dumasar kana aspek kasatiaan, kareueus jeung kasadaran kana norma basa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Garvhin jeung Mathiot dina Chaer, L.A. (2010 kc. 152) anu nétélakeun yén tilu ciri sikep basa nya éta kasatiaan, kareueusan jeung kasadaran kana norma basa. Salian ti éta pamadegan Anderson dina Chaer, L.A. (2010 kc. 151) anu nétélakeun yén sikep basa dibagi kana dua nya éta sikep positip jeung négatip.

Dumasar kana éta hal, panalungtikan kalayan judul Sikep Basa Sunda Para Pajabat di Lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung perlu ditalungtik. Panalungtikan ngeunaan sikep basa saacanna geus dilakukeun ku panalungtik séjén di antarana, (1) Sikap Basa Kulawarga dina Ngukuhkeun Basa Sunda di Desa Ciwidey Kabupaten Bandung, (Abhurizal,2012), (2) Sikep Anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana Basa Sunda, (Anggraeni,S.,2016).

Sok sanajan panalungtikan ngeunaan sikep basa pernah dilakukeun, tapi panalungtikan ieu perlu diayakeun deui, Ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan sikep basa ogé mikanyaho kaayaan kabasaan di tatar Sunda. Salian ti éta, panalungtikan ieu bisa jadi cukup lantaran dina ngadegkeun perda atawa régulasi ngeunaan makéna basa Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ambahan dina ieu panalungtikan teu lega teuing, mangka watesan masalah dipuseurkeun kana sikep basa para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung anu ngawengku para kepala dinas, para kabid, para kasie, para camat salaku pamingpin wilayah kacamatan. Dumasar kana tiori Garvhin jeung Mathiot dina Chaer, L.A. (2010 kc. 152) anu nétélakeun yén tilu ciri sikep

basa nya éta kasatiaan, kareueus jeung kasadaran kana norma basa (tata krama jeung tata basa). Salian ti éta, Anderson dina Chaer, L.A. (2010 kc. 151) nétélakeun yén sikep basa dibagi kana dua nya éta sikep positip jeung négatip.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kasatiaan basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung ?
- b. Kumaha kareueus basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung ?
- c. Kumaha kasadaran norma basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kumaha sikep basa Sunda para pajabat di lingkungan pamaréntah Kabupatén Bandung. Ieu panalungtikan ogé pikeun méré stimulus ka para pajabat anu kudu ngawasa kana basa Sunda anu hadé tur bener, nyaluyukeun jeung masarakat di saban wilayah anu lolobana ngagunakeun Basa Sunda dina komunikasi sapopoé.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. kasatiaan basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung;
- b. kareueus basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung; jeung
- c. kasadaran norma basa Sunda para pajabat di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh mangpaat tioritis ogé mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh dina widang kabasaan hususna sosiolinguistik. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi tolok ukur ogé ngeuyeuban pikeun mikanyaho kaayaan makéna Basa Sunda di tatar Sunda, hususna di lingkungan Pamaréntah Kabupatén Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta :

- a. Méré kasadaran ka para pajabat di Kabupatén Bandung pikeun ngagunakeun basa Sunda utamana dina ngalaksanakeun imbauan Bupati Bandung dina Jumaah Nyunda.
- b. Méré stimulus ka para pajabat pikeun ilubiung dina mulasara Basa Sunda
- c. Jadi dadasar pamarentah ngalakonan tindakan pikeun ngaronjatkeun *eksistensi* basa Sunda nya éta nyieun régulasi ngeunaan makéna basa Sunda dina poé nu tangtu.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh disusun jadi lima bab.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II Tatapakan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori anu patali jeung sikep basa, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina medar ngeunaan désain panalungtikan (pamarekan, metodeu, jeung galur panalungtikan), sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén pangumpul data jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung saran.